Pou Piblikasyon Imedya: 29/10/2019 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO NAN OKAZYON SETYÈM ANIVÈSÈ OURAGAN SANDY

"Ouragan Sandy se te youn nan pi move katastwòf natirèl ki te frape New York pandan dè deseni, sa ki koze domaj toupatou e finalman retire lavi 61 moun. Touswit apre, New York te reyini pou rekonstwi pi byen ak pi fò pase anvan an. Nou bay asistans pou dè milye de pwopriyetè kay ak ti biznis ke ouragan te devaste e nou kontinye fè kominote nou yo pi an sekirite, pi fò ak plis rezilyan pou yo ka reziste kont ogmantasyon menas nan chanjman klima ak kondisyon meteyowolojik ekstrèm.

Sou sètyèm anivèsè Sandy a, mwen mande tout Nouyòkè yo pou yo sonje moun ki pèdi lavi yo ak sila yo ke destriksyon fizik te chanje lavi yo pou tout tan. New York kanpe avèk yo kounye a menm jan nou te fè sèt ane de sa".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU